

ÈD LAJAN KACH



Mass DTA

Aplike nan Depatman Asistans Tranzitwa (Department of Transitional Assistance, DTA) Massachusetts lan pou:

- **TAFDC** – Èd lajan kach pou fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 lane yo
- **EAEDC** – Èd lajan kach pou moun ki gen andikap yo, granmoun aje, moun k ap pran swen timoun ki pa pitit oswa fanmi yo, ak moun k ap pran swen moun ki gen andikap yo

Pou w aplike, ale an pèsòn nan biwo rejyonal DTA ou an. Pou Boston: 1010 Massachusetts Ave.



SALVATION ARMY

Salvation Army gen plizyè pwogram ijans, tankou **èd lajan kach oswa bon** pou materyèl.

- Kontakte biwo ki toupre ou an:
 - Jubilee House: 617-282-8433, 10 Melville Avenue, Dorchester
 - Sant Kroc: 617-318-6900, 650 Dudley Street, Dorchester
 - Ekstremite Sid (South End): 617-536-5260, 1500 Washington Street, Boston



SEKIRITE SOSYAL

Aplike nan Administrasyon Sekirite Sosyal (**Social Security Administration, SSA**) lan, si w se yon moun ki gen andikap oswa 65 lane ak pi plis.

- Aplike an pèsòn nan biwo rejyonal SSA ou an. Dorchester: 115 Freeport St
- Aplike anliy sou www.ssa.gov/benefits/forms



VETERAN (ANSYEN SÒLDA)

Veteran ansanm ak tout moun yo gen sou kont yo elijib pou resevwa avantaj finansyèl nan plizyè ajans:

- Sèvis pou Veteran nan Vil Boston: 617-241-8387, 43 Hawkins St, Boston
- Depatman Sèvis pou Veteran: 617-210-5480, 600 Washington Street, Boston
- Biwo Rejyonal Avantaj VA yo: Edifis JFK Federal, 15 New Sudbury St., Boston



CHARITE KATOLIK (CATHOLIC CHARITIES)

Charite Katolik (Catholic Charities) pa gen gwo fon disponib pou ede nan **ka ijans pou manje, ak rad**.

- Kontakte biwo ki toupre ou an epi mande pou w pale ak manadjè swen debaz yo:
 - Dorchester: 617-505-6628
 - Sid Boston: 617-464-8591
 - Somerville: 617-625-1920